

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho struktur carita, struktur naskah, jeung larapna naskah drama “Badog” pikeun bahan pangajaran di kelas XII. Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur carita jeung struktur drama nu sumberna tina naskah drama “Badog” karya Dhipa Galuh Purba sarta dilarapkeunna kana bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) tiori struktur carita Robert Stanton; 2) tiori struktur naskah nurutkeun Sumardjo jeung Saini; jeung 3) kritéria milih bahan ajar nurutkeun Nasution ngawengku: (1) tujuan nu hayang dihontal; (2) dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa; (3) dianggap mibanda ajén minangka warisan karuhun saméméhna; (4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuhan; jeung (5) luyu jeung kabutuhan katut minat siswa. Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta méthode déskriptif kualitatif.

Struktur carita dina naskah drama “Badog” kapaluruh ayana téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma dina ieu naskah drama nyaéta kahirupan Iswari sanggeus ditinggalkeun maot ku salakina Darma. Dina kahirupanana éta Iswari diganggu ogé dipikadeudeuh ku jalma lembur. Nu ahirna datang Badar sakaligus adina Darma salaku badog nu miboga niat hadé hayang nulungan Iswari jeung orokna. Dina ieu téma saluyu jeung judul naskah dramana “Badog” nu miboga harti maling, jalma nu sok maling. Ieu hal katitén dina sababaraha paguneman di luhur Badar ngaku yén manéhna badog, tapi miboga niat nu alus, sedengkeun Iswari ngajelaskeun yén naon waé alesanana ngabadog mah tetep salah. Dina sababaraha hal di luhur luyu jeung kahirupan manusa sapopoé, yén ayeunamah loba manusa nu hayang hiji téh ngahalalkeun sagala cara sarta miboga rasa hayang ngaganggu kahirupan batur dumasar kahirupan kasang tukangna.

Ieu naskah drama miboga galur mérélé. Katitén dina caritana maju nilik kana *situation, generating circumstances, rising action, climax, jeung denouement*.

Mohamad Fajar Harja Ramdhani, 2023

NASKAH DRAMA BADOG KARYA DHIPA GALUH PURBA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI
DRAMA DI SMA (Ulukan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina tahap *situation* atawa éksposisi dina naskah “Badog” leuwih nyaritakeun kana kaayaan Iswari nu keur ngemu kabingung tur nandangan prihatin di kebon awi. Tuluy Iswari tilu kali nyebut ngaran salakina nu geus maot salaku éksprési kasedih tur kabingung manéhna. Tahap *Generating circumstances* dina ieu naskah drama nya éta ayana kajadian mimiti nu mungcuhul saacan ayana pasualan-pasualan séjénna. Ieu hal katémbong dina dialog Rodiah jeung Iswari. Rodiah datang nyampeurkeun Iswari bari dibarung napsu katut nuding yén Iswari geus ngarebut salaki manéhna. Éta hal nu ngalantarankeun Iswari mimiti diganggu kahirupanana ku Rodiah nu nuding manéhna ngarebut salakina. Ieu galur jadi konflik mimiti dina ieu naskah drama. Tahap *rising action* katitén mungcuhul deui pasualan séjén yén Iswari diganggu ku Odi nu cunihin ka manéhna tuluy datang Badar nulungan Iswari dina kaayaan rék digadabah ku Odi. Katémbong dina pagunemanana, Odi tuluy méré gogoda ka Iswari sangkan daék ka manéhna, tapi teu lila torojol Badar bari némbongkeun bedog sangkan Odi nyingkah ti Iswari. Tahap *climax* katitén pasualan ngeunaan nu ahirna Badar ngaku yén manéhna badog nu sabenerna tuluy Hansip Baron nanya ka Kadés Ukar lamun Iswari kudu di téwak atawa henteu. Ieu hal katémbong dina paguneman antara Badar jeung Kadés Ukar nu Badar sorangan ngaku manéhna salaku badog. Satuluyna paguneman antara Hansip Baron jeung Kadés Ukar. Hansip Baron nungguan paréntah Kadés Ukar ngeunaan Iswari, nu ahirna puncak tina kajadianana Badar jeung Iswari dibawa ka pangbérokan dumasar paréntah Kadés Ukar. Pamungkas tahap *denouement* katitén masalah ngeunaan Iswari nu rék digiring ku Hansip Baron dumasar paréntah Kadés Ukar. Ieu hal katémbong dina paguneman di luhur. Iswari nitipkeun orokna ka Ubéd lantaran manéhna rék dibawa ka pangbérokan lantaran manéhna geus ngampihan badar salaku badog di imahna. Dina ieu paguneman ogé katitén Kadés Ukar méré nyaho ka Ubéd lamun manéhna nyarita teu uni ogé bakal dibawa ka pangbérokan sarua nasibna siga Badar jeung Iswari. Ieu hal nunjukkeun paguneman di luhur jadi ahir dina carita naskah drama “Badog”.

Palaku-palaku nu aya dina ieu naskah drama nyaéta: Iswari, Rodiah, Isud, Badar, Odi, Kadés Ukar, Ulis Kowi, Hansip Baron, Ubéd, Jang Amanta, Cép Among jeung Néng Lia. Latar tempat nu aya dina naskah drama “Badog” nyaéta:

Mohamad Fajar Harja Ramdhani, 2023

NASKAH DRAMA BADOG KARYA DHIPA GALUH PURBA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA DI SMA (Ulukan Struktural)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) kebon awi; 2) rohangan tengah Kadés Ukar; jeung 3) rohangan tengah imah Iswari. Latar waktu nu kacaritakeun dina naskah drama “Badog” nyaéta: 1) wanci sareureuh kolot; 2) wanci tengah peuting; jeung 3) wanci beurang. Latar sosial nu aya dina naskah drama “Badog” nyaéta latar sosial di lembur. Ieu hal katémbong dina cutatan di luhur nya éta Iswari mangrupa jalma basajan nu ngan ukur boga imah bilik, saheulay samak sarta miboga bupét tina kai tempat nyimpen wawadahan. Ieu hal jadi alesan yén Iswari téh jalma basajan di lembur.

Judul naskah drama nyaéta “Badog”. Dina naskah “Badog”, dicaritakeun tokoh protagonis nu aya di unggal babak nya éta Iswari nu geus ditinggalkeun maot salakina Darma lantaran kaléléd tsunami. Dicaritakeun ogé nu ngalantarankeun judulna “Badog” nya éta datangna adi salakina Darma, nu ngaranna Badar manéhna jadi badog lantaran miboga niat hadé pikeun nulungan Iswari nu geus jadi randa. Sanajan kitu carana tetep salah saupama manéna jadi badog. Éta hal ngajadikeun judul naskah dramana jadi “Badog”. Pamungkas, gaya basa nu kapanggih nyaéta mijalma, ngaupamakeun, ngasor, lalandian, jeung rarahulan. Gaya kapangaran dina ieu naskah drama téh kawilang basajan nyaéta ngagunakeun basa sapopoé.

Struktur naskah dina carita drama “Badog” ngawengku prolog, dialog, babak adegan, solilokui, aside jeung épilog. Prolog dina ieu naskah mimitina nyaritakeun suasana, latar waktu jeung latar tempatna. Satuluyna nyaritakeun hal nu keur karandapan ku Iswari sanggeus ditinggalkeun maot ku salakina Darma. Bari ngais orok manéhna némbongkeun éksprési bingung katut nandangan kingkin prihatin. Dialog nu diwangun dina naskah kapanggih sababaraha dialog di antarana dialog Rodiah jeung Iswari, Iswari jeung Odi, Badar jeung Odi, Kadés Ukar jeung Rodiah, Iswari jeung Isud, Isud jeung Rodiah, Ubéd jeung Kadés Ukar, Ubéd jeung Iswari, Hansip Baron jeung Kadés Ukar, jeung saterusna. Tuluy aya dialog nu leuwih ti dua tokoh nyaéta dialog Kadés Ukar, Ubéd jeung Néng Lia. Conto dialog dua tokoh nu diwangun dina naskah saperti dialog Isud jeung Rodiah. Solilokui dina naskah aya tokoh nu ngedalkeun kaayaan eusi haténa saperti Iswari lantaran manéhna keur rumasa kaleungitan salakina nu boga éfék goréng keur kahirupanana.

Iswari ngedalkeun eusi haténa maké *Voice Over* atawa ngébréhkeun sacara langsung tapi manéhna ngedalkeun dina eusi haté. Aside dina ieu naskah drama kapanggih ayana tokoh nu ngedalkeun carita atawa ngébréhkeun hal ka panongton, saperti monolog Iswari nu keur nyebut ngaran salakina Darma. Babak dina naskah, latar jeung waktu aya rupa-rupa, ku kituna babak nu aya dina ieu naskah nyaéta aya tilu babak. Éta hal katitén lantaran ayana parobahan latar jeung tokoh dina unggal babak.

Sabada ditalungtik, hasil panalungtikan naskah drama “Badog” karya Dhipa Galuh Purba bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA, lantaran luyu jeung kritéria bahan pangajaran. Lian ti éta, ieu naskah drama ogé pinuh ku ma’na sarta amanat nu ngagambarkeun kaayaan masarakat dina kahirupan sapopoé sarta miboga mangpaat ajén-ajén kahirupan pikeun kahirupan di masarakat.

Sabada dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekkeun yén naskah drama “Badog” karya Dhipa Galuh Purba téh miboga struktur carita nu lengkep, ti mimiti téma, fakta carita, jeung sarana sastrana. Ogé miboga struktur naskah nu lengkep ti mimiti prolog, dialog, babak adegan, solilokui, aside jeung épilog. Ku kituna, ieu naskah drama bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak, nyaéta: *kahiji* pikeun masarakat, amanat nu nyampak téh bisa jadi picontoeun boh pikeun budak, boh kolot. *Kadua*, pikeun widang atikan bisa ngeuyeuban atawa jadi alternatif dina nyieun bahan ajar. Saterusna dina widang paélmuhan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran paélmuhan dina widang sastra, hususna ngeunaan ulikan struktural jeung larapna kana bahan pangajaran aprésiasi drama di sakola.

5.3 Rékomendasi

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, kapaluruh ayana sababaraha rékomendasi nu perlu ditepikeun pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna,

Mohamad Fajar Harja Ramdhani, 2023

NASKAH DRAMA BADOG KARYA DHIPA GALUH PURBA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA DI SMA (*Ulikan Struktural*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hususna pikeun kamekaran sastra Sunda. Kahiji, panalungtikan sarupa nu maluruh struktur carita jeung struktur naskah perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi, boh masarakat umum. Satuluyna, naskah drama “Badog” karya Dhipa Galuh Purba dipiharep bisa dimangpaatkeun pikeun guru sangkan dijadikeun rujukan atawa salah sahiji pilihan dina nangtukeun bahan bacaan. Saterusna, pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sastra.